

ETID SOU JESYON RISK TANPÈT KOTYÈ (CSRM) BOSTON



Kijan pou Li Rapò Bouyon an

Kò Enjenyè Lame Etazini (USACE) te prepare yon rapò bouyon ki dekri risk inondasyon nan Boston epi ki pwopoze pwojè pou pwoteje katye nou yo. Nou bezwen ou revize travay yo epi bay kòmantè sou li!

KI MOUN KI TA DWE REVIZE?

Nenpòt manm piblik la, tankou rezidan, pwopriyetè biznis, ansanm ak òganizasyon ak asosyasyon k ap aji nan non manm yo.

POUKISA KOUNYE A?

Sa a se premye dokiman ofisyèl ki prepare pou etid CSRM Boston nou an. Sa a se yon etap enpòtan anvan Kongrè a resevwa rapò final la an 2028. Travay sa a pral ede jwenn plizyè milya dola nan finansman federal pou pwojè ki pwoteje katye nou yo kont inondasyon.

KI KOTE MWEN KA LI RAPÒ A?

Sou entènèt sou paj wèb etid nou an (gade lyen ak kòd QR ki anba a) oswa nan Branch Prensipal Bibliyotèk Piblik Boston nan Copley Square. Gade dèyè a pou plis enfòmasyon sou rezime rapò a nan lòt lang anplis angle.



City of Boston
Climate Resilience

Enskri pou Alèt Reyinyon yo, Rezève
yon Lè Biwo, ak plis ankò:

BOSTON.GOV/INONDASYON



KIJAN POU LI RAPÒ A

Kò Enjenyè Lame Etazins (USACE) te bay rapò sa a sèlman an anglè. Vil Boston mete yon rezime rapò ki tradui disponib sou entènèt.



*Li rezime rapò a sou:
boston.gov/inondasyon*

NAN REZIME RAPÒ SA A, W AP JWENN:

- Enfòmasyon sou etid preliminè USACE la
- Kote yo pwopoze pwojè enfrastrikti kotyè yo
- Imaj posib konsepsyon pwojè yo
- Depans yo prevwa
- Enpak ekonomik, anviwònmantal, ak kiltirèl pwojè yo ka genyen

E SI MWEN GEN KESYON?

- Vizite sit entènèt nou an (gade lyen an ak kòd QR ki anba a) pou li Kesyon Moun Poze Souvan yo
- Enskri pou webinè vityèl "How-to" nou an pou jwenn konsèy sou fason pou pataje kòmantè w sou rapò preliminè a.
- Voye yon imèl bay kathryn.roosa@boston.gov

NOU BEZWEN OPINYON W

Peryòd kòmantè piblik USACE:
24 JIYÈ – 18 SEPTANM 2026

VOYE KÒMANTÈ W:

Eskane kòd QR la oswa ale sou:
BOSTON.GOV/INONDASYON

